



XI Asamblea Regional de la CLADE

Derecho Humano a la Educación:
horizontes y sentidos en la post pandemia



Mosyon 1, yon mosyon Isaac luis prezante (Mach mondyal kont Travay Timoun)

Onzyèm (XI) Asanble Rejyonal CLADE, yon asanble ki fèt nan dat 13 Oktòb pou rive 26 Novanm 2020.

Lè n konsidere:

- CLADE genyen kòm misyon pou li fè pwomosyon pou yon edikasyon ki ranmase dimansyon disponiblite, dimansyon aksesibilite, dimansyon akseptabilite ak dimansyon adaptabilite a, ki rekonèt tout divèsite yo , k ap ankouraje konsèp sitwayènte a ansanm ak reyalizasyon divès dwa moun yo epi ki fèt pou kwape tout fòm diskriminasyon;
- Travay timoun ki yon vyolasyon dwa tifi, tigason, ti adolesan ak ti adolesant yo, ki pran rasin nan inegalite sosyal, gwo to chomaj, povrete, feblès nan sistèm pwoteksyon sosyal, ak fenomèn pouse do moun deyò nan sistèm edikasyon an e ki gen konsekans dirèk sou dwa moun pou yo jwenn edikasyon an. Epi an menm tan tou, fenomèn sa a tou reprezante koz ak konsekans kesyon esklizyon eskolè a, li aji sou demach pou n rive nan Objektif 4 O.D.D. yo ki gen pou wè ak dwa moun pou yo jwenn edikasyon an.
- Nan kontèks pandemi ansanm ak sitiyaasyon pòspandemi nou wè k ap pwente sou nou la a, kote nou jwenn ansanm kondisyon ki ki gen enpak sou travay timoun yo k ap vin pi grav yo ki makònen ak sitiyaasyon lekòl ki fèmèn an, mank koneksyon entènèt ak mank posiblite pou moun yo jwenn zouti teknoloji yo ki tounen yon gwo chòk pou plizyè santèn mil timoun, tifi ak tigason ansanm ak ti adolesan ki oblije devlope yon estrateji pou yo travay,



XI Asamblea Regional de la CLADE

Derecho Humano a la Educación:
horizontes y sentidos en la post pandemia



sa ki egzije pou fanmi yo fè gwo sakrifis pou yo jwenn mwayen pou yo rete konekte; sitiyaon ki fè anpil nan yo pa ka rapousuiv avèk aktivite lekòl yo e sa vin kreye plis inegalite toujou sou plan edikatif e ki vin ranfòse eskizyon eskolè a nan rejyon an e mete sou sa, Leta peyi yo pa pran pyès dispozisyon pou yo evite sitiyaon sila a.

- Asanble Jeneral Nasyonzini an pran yon rezolisyon kote li deklare ane 2021 an kòm Ane Entènasyonal pou Eliminasyon Travay Timoun, se yon manyè pou l ankouraje tout Leta manm li yo pou yo mobilize nan kad reyalyasyon Objektif 8.7 Objektif Devlopman Dirab yo (ODD), ki abòde kesyon eliminasyon tout fòm travay timoun rive pou lane 2025.

Men sa nou dakò:

- Batay pou nou elimine tout travay timoun, sou baz ansanm prensip lalwa ki nan lejislasyon tout peyi yo ;
- Fè Gouvènman yo bon jan egzijans pou yo mete nan bidjè nasyonal yo lajan pou finanse tout aksyon k ap fèt pou tifi kou tigason, adolesan kou adolesant abandone travay timoun yo te gen tan ladan n yo epi pou yo benedfisyè yon fòm edikasyon fondamantal, pou yo ka rete anndan sistèm sa a epi pou tout tifi kou tigason, tout ti adolesan kou adolesant ki pi vilnerab yo pa pèdi yon jou lekòl.
- Bay patisipasyon nou nan jefò k ap fèt pou gen yon chanjman mantalite sosyal ak mantalite politik ki ap nouri, tolere, e ki ap fè pwopagann pou ankouraje travay timoun ;
- Potekole nan mobilizasyon global ki pral fèt nan kad Ane Entènasyonal pou Eliminasyon Travay Timoun nan, ki dèyè reyalye objektif 8.7 ODD yo, objektif ki konsène eliminasyon tout fòm travay timoun rive 2025.



XI Asamblea Regional de la CLADE

Derecho Humano a la Educación:
horizontes y sentidos en la post pandemia



- Ankouraje rechèch sou tout konsekans travay timoun nan genyen sou dwa moun pou yo jwenn edikasyon nan rejyon an, nan plis chita sou koze entèsektoryalite a, nan konsidere klas sosyal yo, jan yo, divizyon teritwa yo ak koze orijin etnik lan.

Mosyon 2, yon mosyon Luis Bonilla prezante (Rezo /Global/Lokal pou Kalite Edikasyon an)

Onzyèm (XI) Asanble Rejyonal CLADE, yon asanble ki fèt nan dat 13 Oktòb pou rive 26 Novanm 2020.

Lè n konsidere:

- Objektif CLADE se defann dwa moun pou yo jwenn edikasyon gras a alyans rejyonal yo ki fòme ak diferan aktè;
- Batay pou defann dwa moun pou yo jwenn edikasyon an mande pou li chita sou yon seri fòm ak mouvman ki tou nèf sitou pandan peryòd pandemi ak peryòd pòspandemi k ap rive a;
- Kongrè Mondyal 2020 pou defans edikasyon piblik la kont modèl edikasyon neyoliberal la te reyalize yon gwo evènman vityèl (an liy), nan dat 25, 26 ak 27 Sektanm ane sa a nan prezans reprezantan 92 federasyon ak sendika anseyan, 22 kolektif pedagogik ak divès pèsonaj pedagogik kritik ansanm ak kòdinasyon rejyonal nou an, e yo tout te antann yo pou nan kòmansaman 2021 an yo tabli yon Komite Entènasyonal pou òganizasyon Mach Mondyal pou Defans Edikasyon Piblik la pandan tout yon semèn nan ane k ap vin la a;



XI Asamblee Regional de la CLADE

Derecho Humano a la Educación:
horizontes y sentidos en la post pandemia



- Evènman sa a se yon bèl opòtinite pou nou konstwi yon seri estrateji entènasyonal pou n fè vwa nou ansanm ak kapasite nou genyen pou n chanje bagay yo , rive pi lwen posib ;
- Konvokasyon sa a dwe pèmèt nou vin rasanble pi plis sendika anseyan, pi plis kolektif pedagogik, pi plis federasyon etidyan ak pi plis kowalisyon nasyonal toujou.

Men sa nou dakò:

- N ap potekole nan inisyativ pou fè konvokasyon gran Mach Mondyal pou Dwa Moun pou yo jwenn Edikasyon an pandan lane 2021 an ;
- CLADE avèk tout ansanm òganizasyon li yo dwe antre kò yo nan òganizasyon inisyativ sa a nètalkole ;
- N ap chwazi yon reprezantan/rezavantant CLADE ki pou vin manm Komite òganizatè evènman sa a.

Mosyon 3, yon mosyon William Thélusmon prezante (REPT)

Demann bò kote Asanble a:

- Se pou Asanble a denonse: sitiyasyon represyon Sendikalis anseyan (fanm kou gason) ap sibi nan peyi d Ayiti, zak اساسina ki fèt kont etidyan Grégory Saint-Hilaire anndan lokal Lekòl Nòminal Siperyè (Inivèsite Leta Ayiti), menm jan ak zak represyon kriminel k ap fèt sou etidyan, elèv lekòl (tifi kou tigason) akoz y ap revandike dwa pou yo jwen pi bon kalite edikasyon piblik ak pi bon kondisyon travay pou anseyan yo.



XI Asamblea Regional de la CLADE

Derecho Humano a la Educación:
horizontes y sentidos en la post pandemia



- Se pou Asnble a kore tout batay sa yo epi pou li egzije pou yo mete yon bout lapoula nan tout kalte zak represyon, pou yo kanpe sou tout lòd arestasyon yo pwononse kont plizyè anseyan ansanm ak lòd pou yo chanje plizyè anseyan pòs poutèt yo ta manm sendika oubyen pou rezon politik;
- Se pou Asanble a egzije pou yo louvri yon dyalòg sosyal ak negosiyasyon ak patisipasyon sendika anseyan yo pou garanti posiblite pou moun k ap viv nan sitiyasyon ki pi vilnerab yo nan peyi d Ayiti jwi dwa yo genyen pou yo jwenn bon kalite edikasyon an.